QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nukus shahri, 230100, A.Dosnazarov k. 62

Nókis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62

Tel: (0-361) 2222437, 2229520: www.kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

26 - апрель 2021- yil/jıl. № 02-02/03-2182

**Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтына**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2006-жыл 31-майдағы «Улыўма билим бериў мектеплери оқыўшыларын сабақлықлар менен тәмийинлеў системасын жетилистириў бойынша қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы ПҚ-362-санлы қарарына муўапық сабақлықларды белгиленген дәўирлилик тийкарында басып шығарыў ҳәм улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшыларын тәмийинлеў белгиленген.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен 1-класс оқыўшылары ушын 2 жыл ишиндеги, 2-4-класс оқыўшылары ушын 3 жыл ишиндеги, 5-11-класс оқыўшылары ушын 5 жыл ишиндеги ең жоқары болған класс оқыўшыларының санын есапқа алып, мектеп оқыўшылары ушын сабақлықларға буйыртпа қабыл етиледи ҳәмде артықша сабақлықлар топламы берилмейди.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен оқыў өзбек, рус, қарақалпақ, қазақ, қырғыз, тәжик ҳәм түркмен тиллериндеги улыўма орта билим бериў мектеплериниң 1-11-класс сабақлықларының электрон вариантлары министрликтиң рәсмий веб-сайтына (**http://uzedu.uz**) ҳәм мәлимлеме-тәлим порталы (**http://eduportal.uz**)на жайластырылған.

Жоқарыдағыларды есапқа алып, Сизден институт студентлериниң Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң сайтларына жайластырылған 1-11-класс сабақлықларының электрон вариантларынан пайдаланыўын усыныс етеди.

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а.** **Қ. Бекбаўлиев**

Орынлаўшы: А.Сейитназаров

Тел (61) 222-24-64